

Ou ka elijib pou resevwa 50 dola rabè pa mwa sou bòdwo entènèt ou!

Emergency Broadband Benefit (EBB) se yon nouvo pwogram federal ki ofri fanmi ki elijib yon peman dirèk jiska \$50 dola pa mwa nan bòdwo entènèt yo ak yon rabè jiska 100 dola yon sèl fwa pou achte yon laptop, konpitè desktop oswa tablet.

Li rapid ak fasil!

Etap 1: Tcheke kondisyon elijiblite w

Yon manm fanmi elijib pou EBB si omwen gen yon moun nan kay la ki se yon elèv nan lekòl leta Vil Nouyòk!

Lòt kalifikasyon pou EBB se...

- benefis federal ki bazse sou revni tankou SNAP, SSI, asistans kay leta federal oswa Medicaid;
- Pwogram federal Pell Grant pou ane lekòl aktyèl; oswa
- yon gwo pèt revni akòz djòb ki pèdi oswa akòz yo sispann li nan travay (furlough) depi 29 fevriye 2020

Etap 2: Rele sant sipò EBB a (EBB Support Center)

Rele EBB Support Center a nan **833-511-0311** oswa ale sou **GetEmergencyBroadband.org** pou aplike pou benefis la

Etap 3: Kontakte konpayi entènèt ou a

Si w deja gen entènèt, kontakte konpayi ou prefere a (Optimum, RCN, Spectrum, Verizon, etc.) dirèkteman pou konnen pwosesis yo genyen pou aplike.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

Rele 833-411-0311 oswa ale sou [FCC.gov/BroadbandBenefit](https://www.fcc.gov/BroadbandBenefit)

